



Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SANT KOMÈSYAL YO GENYEN OTORIZASYON POU RE-OUVRI AVÈK MWATYE KAPASITE YO SEMÈN PWOCHÈN LAN**

***Kouvèti vizaj, distans sosyal ak lòt pwotokòl sekirite ki obligatwa tout tan; Yo pa otorize espas alimantè enteryè yo***

***Dwe genyen nòm pou filtrasyon, vantilasyon ak pirifikasyon lè ki amelyore an vigè avan re-ouvèti a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sant komèsyal yo nan Vil New York pral genyen otorizasyon pou re-ouvri apati 9 septanm avèk yon limit okipasyon ki se 50 pousan. Tout sant komèsyal ki chwazi pou re-ouvri pral anba pwotokòl sekirite estrik, gen ladan aplikasyon estrik kouvèti pou figi yo, distans sosyal, pèsònèl anplis pou kontwole okipasyon an, fliyidite nan sikilasyon an ak espas pou chita pou evite foul moun ak pwotokòl pou netwayaj ak dezenfeksyon ki amelyore yo. Sant komèsyal yo dwe genyen nòm pou filtrasyon, vantilasyon ak pirifikasyon lè ki amelyore an vigè pou yo ka re-vouri.

"Pandan ke pandemi sa a lwen pou li fini, chif nou yo rete ba yon fason konstan, kidonk nou konnen apwòch pou re-ouvri nou an ki baze sou done yo epi yon fason pwogresif, se vrè apwòch la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gras ak travay di Nouyòkè yo, nou nan yon pwen nan batay ou an kont viris sa a kote nou ka re-ouvri sant komèsyal yo san danje nan Vil New York depi yo respekte pwotokòl strik sante ak sekirite yo. Mask, sistèm vantilasyon lè amelyore, ak distans sosyal pral obligatwa. Sa a se yon bon nouvèl epi yon bon pa annavan."

Yo pa pral otorize okenn manje alinteryè, flannen oswa kongregasyon ki pa nesèsè nan sant komèsyal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)